# Жаслар ҳәм ҳаял-қызларға микрокредитлер тәмийнатсыз ажыратылады

**«Халықты исбилерменликке тартыў системасын жетилистириў ҳәм исбилерменликти раўажландырыўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы Президент қарары қабыл етилди.**

Қарарға муўапық, 2020-жыл 15-ноябрьден баслап жаслар ҳәм ҳаял-қызларды кәсип-өнер ҳәм исбилерменлик көнликпелерине оқытыўды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўдың төмендеги тәртиплери енгизиледи:

Исбилерменликти раўажландырыў агентлиги менен Бизнес ҳәм исбилерменлик жоқары мектеби тәрепинен шөлкемлестирилген оқыў курсларын тамамлаған ҳәр бир питкериўши ушын кәсип-өнер ҳәм исбилерменликке оқытыў бойынша мәмлекетлик емес билимлендириў шөлкемлерине жумсалған қәрежетлердиң 70 проценти, бирақ ҳәр бир питкериўшиге 1 миллион сумнан аслам болмаған муғдары мәмлекет тәрепинен компенсацияланады;

-бул курсларды табыслы тамамлап, сертификат алған шахсларға өз бизнесин шөлкемлестириў ушын микрокредит ажыратылады.

«Микрокредитбанк» АКБ тәрепинен мәмлекетлик емес билимлендириў шөлкемлери арнаўлы сертификатын алған:

-исбилерменлик басламасына ийе болған физикалық шахслар, соның ишинде, жаслар ҳәм ҳаял-қызларға өз бизнесин шөлкемлестириў ушын 33 миллион сумға шекемги болған микрокредитлер тәмийнатсыз ажыратылады;

-микрофирма ҳәм киши кәрхана шөлкемлестирилген шахсларға үшинши шахс кепиллиги, қамсызландырыў полислери, кредит есабынан сатып алынып атырған мал-мүлклердиң гиреўи, исбилерменликти қоллап-қуўатлаў мәмлекетлик фондының кепиллиги тийкарында 225 миллион сумға шекем микрокредитлер ажыратылады.

Бунда микрокредитлер 3 жыл мүддетке шекем 6 айлы жеңиллиетилген дәўир менен Орайлық банктиң тийкарғы ставкасынан ажыратылады.

Қарарға муўапық, Тиклениў ҳәм раўажланыў қоры тәрепинен жаслар ҳәм ҳаял-қызларды кәсип-өнер ҳәм исбилерменлик көнликпелерине оқытыў арқалы исбилерменликти жолға қойыў мақсетлерине 100 миллион АҚШ доллар эквивалентинде қаржы ажыратылады.

2021-жылдың 1-январь сәнесинен исбилерменликке оқытыўдың бирден-бир системасы иске қосылады.

2021-жылдың 1-январына шекем «Микрокредитбанк» АКБтиң халықты, әсиресе, жаслар ҳәм ҳаял-қызларды исбилерменликке кеңнен тартыў бойынша жаңа бизнес модели ислеп шығылады.

-Исбилерменликти раўажландырыў агентлиги халықтың исбилерменлик пенен шуғылланыўын қоллап-қуўатлаў, соның ишинде, оларды оқытыў, микрокредит ажыратыў бойынша муўапықластырыў бағдарында ўәкилликли мәмлекетлик уйым етип белгиленди